



Madi 8 jen 2021

Fwè ak sè mwen yo,

«San jou Seyè a, nou pap kapab viv! Sentete Pap Benoît, nan omeli nan katedwal Sent-Étienne nan Vienne nan jou 9 septanb 2007, kote yo te matirize Abitinyen yo, pandan pèsekisyon amperè Dioclétien, yo te arete yo poutèt yo tap selebwe lanmès jou dimanch lan. Mati yo te reponn majistwa a: «Sine dominico non possumus! – san jou Seyè a, nou pa kapab viv! Pap la kontinye pou li di: «Pou kwetyen yo, lanmès chak dimanch lan se pa yon kòmandman, men yon nesosite pou lavi enteryè yo. San sila a ki kenbe lavi nou an, lavi a nan li menm li vid. Pase ou tway rankont sa a se pwive fondman lavi a menm, se retire dyite ak bote enteryè ou.»

Konsyans posibilite pou patisipe nan lanmès dimanch lan li pi plis disponib e pi asire pou pèp ki katolik la, nou mete nou ak tout dyosèz ki nan pwovens Boston (Boston, Fall River, Springfield, Manchester et Portland) pou leve dispans pou ou pa ale nan lanmès dimanch ak jou ki gen mès Obligasyon, lap koumanse nan fen semen 19 ak 20 jen 2021.

Sonje deklarasyon Seyè an: «Kote de ou twa reyni nan non mwen, mwen la nan mitan yo. (Mt 18:20). Sètènman menm jan nou ka pwyè pou kont nou, genyen pafwa fòs benediksyon nan pwyé ki nan kominote an tou.

Nou note egalman ke aisistans lanmès se fason nou pou nou siv twasyèm kòmandman an ki nan dekalòg la: «Sonje jou saba a – santifye li. Pandan six jou, Letènèl fè syèl la ak tè a, lanmè a ak tout sa ki ladann; men nan setyèm jou a li repoze li. Se poutèt sa Letènèl beni jou saba a e santifye li. » (Exzòd 20:8,11) Na p fè nou sonje kantite fwa nou wè Jezi obsève saba a pandan li ale nan signagòg la

pandan l ap anseye (Mt 13:54, Mc 1:21-28, Lc 4:16-30, Jn 6:22-59). Se yon dezi ki nan chak kwetyen pou ou konfòme ou ansanm ak lavi Jezi, e Jezi ale nan sinagog la jou saba a.

Sa ki pi enpòtan ankò, se resevwa Ekaristi a ki se sant tout lavi katolic la. Seyè a kòmande nou pou pwann, manje l, e fè li an memwa li. (Mt 26:26-30, Mc 14:22-26, Lc 22:14-20, 1 Kor 11:23-26, CEC 1324). Ekaristi a se yon nouriti pou vwayaj difisil nan lavi nou, li ranpli nou ak lajwa ki fòtifye nou pou ka sipòte soufwans nou yo. Li twansfòme nou sou pa andedan ale sou deyò e kweye yon entimite antwe nou menm ki se yo temwayaj fò pou mond lan.

Se yon gwan konfyans e konfyans nan Séyè a ke nou retabli obligasyon lanmès chak dimanch lan. Sete yon ane ki te long e difisil. Moun yo konnen yon gwan doulè ak soufwans pandan pandemi sa a. Kantite moun ki mouri te anpil. Moun yo ap kontinye repwan yo tou Dousman ki pwal pran on bon ti tan de efè koronaviris la.

Bwav ki nan mitan nou – enfimyè yo, doktè yo, moun ki repon an pwemye yo ak tout pwofesyonèl yo nan zafè sante –yo te yon sous rekonfò ki gwan. Pè yo te ale pote sakweman pou malad yo ki te gen COVID. Kounye a, nou kapab ini nou, pou nou sonje lavi sila yo ki chanje e sa ki te konsanti sakwifis yo. Rasanble nou ankò nan lajwa, tankou yon sèl pèp bòkote Jezi nan Ekaristi a.

Nan ane sen Joseph la, li menm ki te toujou fidèl obsèvatè saba a, nou chwazi fèt papa yo tankou yon jou ki apwopwye pou ankouraje tou pèp la, e an patikilye fanmi nou yo, pou yo retounen nan selebwasyon lanmès dimanch lan.

Obligasyon sa a pa aplike a moun ki malad yo; sa yo ki te expoze pa lontan nan COVID la oubyen ki genyen yon maladi atwapan; sa yo ki malad lakay yo ou byen nan yon etablisman pou on rezon maladi, enfimite ou fwajilite laj; e sa ki pa an mezi pou yo vaksine poutèt laj ou tout kalite rezon sante. Pawasyen yo dwe konsilte kire a si yo ta gen keksyon sou obligasyon yo.

A tout sila yo ki pa't kapab avèk nou nan ane ki sot pase a, nou kontan pou nou akeyi nou ankò nan selebwasyon lanmès lan ankò.

Mèsi, se pou Bondye beni nou.

Kadinal Seán